



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK AK 14 ETA AK D.C. PRAL AKSELERE ELEKTRIFIKASYON BIS AK KAMYON YO

New York Siyen Memorandòm Konpreyansyon, Li Pran Angajman Devlope Plan Aksyon pou Redwi Degajman Dyezèl Ki Toksik ki soti nan Veyikil Mwayen ak Sa ki Lou yo apati 2050

Li Sipòte Objektif New York Genyen ki ap Mennen nan Nasyon an pou Redwi Degajman Gaz a Efè Sèr yo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a

Li Konplemante Efò Eta a Kontinye Fè yo pou Elektrifye Sektè Transpò a, Ki Se Pi Gwo Sous Degajman Gaz Ki Ap Chanje Klima a nan New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York, ansanm ak 14 eta ak Distrik Columbia pral devlope yon plan aksyon pou akselere elektrifikasyon bis ak kamyon yo. Nan yon Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) konjwen, Eta a te pran angajman pou li travay an kolaborasyon pou akselere mache pou veyikil mwayen ak sa ki lou yo, ki enkli gwo kamyonèt ak fougonèt yo, kamyon livrezon, gwo kamyon, bis eskolè ak tranzisyon yo ak kamyon livrezon pou pakou long yo. Objektif MOU an se pou asire ke 100 pousan nan tout nouvèl lavant veyikil mwayen ak sa ki lou yo dwe veyikil ki pa gen degajman gaz apati 2050, ak yon trajè pwovizwa 30 pousan lavant veyikil ki pa gen degajman gaz nan kategori veyikil sa yo apati 2030. Anons jodi a sipòte objektif Eta a genyen ki ap mennen nan nasyon an pou redwi degajman gaz a efè sèr yo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act).

"Ak yon mank lidèchip federal ak yon echèk klè nan respekte lasyans, li te vin responsabilite eta yo pou yo abòde pwoblèm kriz klimatik la nan travay ansanm pou elimine degajman gaz a efè sèr yo ki soti nan tout sous yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rediksyon polisyon ki soti nan veyikil mwayen ak sa ki lou yo pral abouti a lè ki pi pwòp pou moun New York yo, patikilyèman nan katye moun ki gen revni fèb ak kominote moun nwa yo ki te yon fason istorik epi dispwopòsyone pote fado pi move konsekans anviwònmanal yo. Pandan ke New York ap kontinye reyalize inisyativ klimatik ki ap mennen nan nasyon an, akò sa a ant divès eta ap kontinye ak wòl lidèchip krisyal ke Eta yo jwe nan konbat chanjman klimatik yo epi etabli yon egzanp pou lòt eta yo swiv."

Siyatè dokiman MOU an se: California, Connecticut, Colorado, Hawaii, Maine, Maryland, Massachusetts, New Jersey, New York, North Carolina, Oregon, Pennsylvania, Rhode Island, Vermont, Washington ak Distrik Columbia.

Sektè transpò a se kounya pi gwo sous degajman gaz a efè sèr ki ap chanje klima nan nasyon an epi li kontribiye a nivo ozòn ak lafimen ki pa bon pou sante nan divès pati nan peyi Etazini. Akselerasyon elektrifikasyon kamyon ak bis yo pral ede akonpli objektif gwo rediksyon degajman gaz pou tout ekonomi an ki nesèsè pou evite pi move konsekans chanjman klimatik yo epi pwoteje sante piblik. Bis ak kamyon yo totalize anviwon kat pousan nan veyikil ki sou otowout Etazini yo, men yo kontribiye a prèske yon ka nan degajman gaz a efè sèr yo ki soti nan sektè transpò a.

An plis, yo antisipe ke elektrifikasyon bis ak kamyon yo pral redwi fado polisyon lè a ki te koze pa anpil sikilasyon kamyon nan kominote yo. Degajman ki soti nan kamyon mwayen ak sa ki lou yo kontribiye a nivo patikil matyè ak lè toksik ki elve. Degajman gaz sa yo afekte yon fason dispwopòsyone katye moun ki gen revni fèb ak kominote moun nwa yo, ki souvan sitiye tou pre koridò transpò kamyon, pò, ak santral distribisyon majè yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare, "New York ap bay egzanp pou aksyon eta a dirije yo sou klima a. Pou ka akonpli objektif rediksyon degajman gaz a efè sèr ke Eta a genyen ki ap mennen nan nasyon an, New York dwe redwi degajman ki soti nan sektè transpò a, ki kounye a se pi gwo sous polisyon klimatik. Anons jodi a se prèv pozitif ki montre ke atravè lidèchi Gouvènè Cuomo sou klima a ak investisman ak inisyativ kontinyèl Eta a pou enèji pwòp dirab yo, New York ap dirije efò nasyon an ap fè yo pou aji sou klima a pandan n'ap pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl iranplasab nou yo".

Siyatè dokiman MOU yo pral travay atravè [Fòs Entèkansyon ZEV](#) aktyèl ant divès eta a ki te fasilite pa Eta Nòdès pou Jesyon Itilizasyon Lè ki Kowòdone (Northeast States for Coordinated Air Use Management) pou devlope epi mete sou pye yon plan aksyon ZEV pou kamyon ak bis yo.

Lè nou ap pwomouvwa epi investi nan kamyon ak bis elektrik yo ak enfrastrikti kote pou yo chaje epi mete kabiran ki nesèsè pou bay sèvis a veyikil sa yo, jiridiksyon siyatè yo pral sipòte kreyasyon travay, epi ede konstwi yon ekonomi ki djanm epi pwòp. Anons jodi a konplèman efò ki ap kontinye fèt pou elektrifye sektè transpò a. Sou òdonans Gouvènè a, DEC la, de konsè ak Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York la (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), Depatman Transpò eta a (Department of Transportation), Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a (Port Authority of New York and New Jersey), ak lòt ankò, te devlope Transpò Pwòp New York (Clean Transportation NY) - ki se plan New York genyen pou yo investi yon fason estratejik resous akò domaj ak enterè Volkswagen yo pou tire avantaj maksimòm yo epi

ajoute sou lidèchip nasyonal New York genyen nan zafè enèji pwòp ak chanjman klimatik yo. Lajan yo te garanti pou diminye domaj ki sòti nan eskandal fwod emisyon Volkswagen yo atravè akò domaj ak enterè federal ak Volkswagen. Yo prevwa ke fason eta ap rantabilize fon akò domaj ak enterè a nan fason estratejik la ap lakoz yo depanse omwen 300 milyon dola nan veyikil ki itilize enèji pwòp ak enfrastrikti enèji pwòp sou wout New York la yo. Kounye a sektè transpò a konstitye pi gwo sous degajman gaz a efè sè nan New York, e reprezante aprepre 34 pousan emisyon total eta yo. Nou ka jwenn sitiwayon aktyèl sou [Eta New York ki ap reyalize pwojè Transpò Pwòp NY](#) yo sou sit entènèt DEC a.

An plis, New York ap travay sou yon baz bipatizan ak lòt eta yo pou redwi emisyon gaz a efè sè yo. Ak 10 patnè eta a, New York ap ranfòse [Inisyativ Gaz A Efè Sè Rejyonal \(Regional Greenhouse Gas Initiative\) la](#), ki se yon zouti ki efikas pou redwi degajman gaz ki soti nan izin elektrik yo. Lè Administrasyon Trump lan te soti nan Akò Klimatik Paris a, New York te fonde konjwentman [Alyans Klimatik Ameriken an \(U.S. Climate Alliance\)](#), ki kounye a gen 25 eta ak teritwa djanm ki gen yon ekonomi konbine ki se 11.7 trilyon dola.

Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a egzije pou Eta a reyalize yon sistèm elektrisite san kabòn disi 2040 epi redwi emisyon gaz a efè sè yo de 85 pousan pi ba pase nivo 1990 anvan 2050, sa ki mete yon nouvo estanda pou eta yo ak nasyon an pou akselere tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp. Nouvo lwa a pral kondwi investisman nan solisyon enèji pwòp tankou van, solè, efikasite enèji ak depo enèji.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)